Department of Education
Carmen Fariña, Chancellor

Special Education Office
Division of Specialized Instruction and Student Support

NEW YORK CITY DEPARTMENT OF EDUCATION
52 Chambers Street, Room 220
New York, NY 10007

Chè Paran/Responsab:

Timoun ki fèt an 2012 ap kòmanse kindergarten ann Otòn 2017. Dapre dosye nou genyen nan lekòl la, ou gen yon pitit ki fèt an 2012 epi k ap resevwa oswa petèt resevwa sèvis edikasyon espesyal preskolè. Pou prepare pou tranzisyon pitit ou a nan klas kindergarten, Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) pral konsidere bezwen pitit ou a pou sèvis edikasyon espesyal pou ane lekòl k ap vini an. Patisipasyon w pral yon eleman enpòtan nan pwosesis sa a.

Pou kòmanse pwosesis la, Komite edikasyon espesyal pou prekindergarten *Committee on Preschool Special Education* (CPSE) rekòmande pitit ou a ba Komite pou Edikasyon Espesyal *Committee on Special Education* (CSE). Avi nou voye ba w nan anvlòp sa a konfime rekòmandasyon an epi CSE a pral konsidere bezwen pitit ou a pou yon Plan Edikasyon Endividyèl *Individualized Education Program* (IEP) pou kindergarten.

Sijè avi a se "Demann pou evalye yon lòt fwa yon Elèv klas Prekindergarten ki gen yon andikap ki elijib pou ale nan klas kindergarten an Septanm". Yon reprezantan DOE, ki nan yon lekòl zòn lan oswa ki nan yon biwo CSE distri a, pral koòdone reevalyasyon pitit ou a. Enfòmasyon sou jan pou kontakte lekòl la oswa biwo a nan dènye kazye avi a. Pa pral genyen obligatwaman nan reevalyasyon an evalyasyon fòmèl pitit ou a. Olye DOE fè sa, l ap revize dosye pitit ou a epi l ap deside si l bezwen fè lòt evalyasyon (li ka gen pou obsève tou konpòtman pitit ou nan klas li). Si yo detèmine yo gen lòt evalyasyon nesesè (tankou obsèvasyon elèv nan klas li) , y ap ekri w pou fè w konne, epi y ap mande w pou bay konsantman w. Anplis, w ap gen dwa mande pou yo fè lòt obsèvasyon oswa lòt evalyasyon si w voye yon lèt ba reprezantan DOE yo te ba w la.

Dèke yo fin fè evalyasyon yo, reprezantan DOE w la ap kontakte w pou fè aranjman pou yon reyinyon IEP pou elèv nan kindergarten. Nan reyinyon an, ekip IEP ou se yon manm lan, ap deside si pitit ou a kalifye oswa pa kalifye pou sèvis Edikasyon espesyal nan klas Matènèl. Si pitit ou a elijib pou sèvis yo, ekip la ap kreye yon IEP kote l ap endike sèvis ak sipò pitit ou a bezwen. Si w ta deside mete pitit ou a nan yon lekòl prive sou frè pa w epi si w pa chèche yon lekòl leta gratis apwopriye, DOE ap kreye pito yon Plan pou Sèvis Edikasyon endividyèl *Individualized Education Services Program* (IESP) k ap ofri l menm kalite sèvis yo.

Si w gen kesyon sou pwosesis IEP kindergarten lan, reprezantan DOE a k ap koòdone tranzisyon pitit ou a pou kindergarten lan ta dwe premye moun pou kontakte. Anplis, manm estaf CSE yo ap ka reponn kesyon w yo, epi ap ka bay èd dèke pwosesis la kòmanse. Chak biwo CSE distri sèvi plizyè distri jewografik. Pou w jwenn enfòmasyon pou kontakte CSE ki pou distri w la, telefone 311 oswa tape adrès ou nan sit wèb http://schools.nyc.gov pou chèche distri w la, epi jwenn enfòmasyon pou kontakte CSE nan

http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/Help/Contacts/CSECPSE.

Pou jwenn plis enfòmasyon osijè tranzisyon nan kindergarten, ale sou sitwèb nou an

http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/AcrossGrades/Kindergarten**.**

N ap kontan travay avèk ou pandan n ap tann ane lekòl 2017-2018 la!

SY17_NOR_R

Lòt èd

Òganizasyon sa yo ka bay enfòmasyon ak èd anplis:

Sant Oryantasyon pou Debitan *Early Childhood Direction Centers* (ECDCs)

ECDC yo, ke Depatman Edikasyon Eta Nouyòk *New York State Education Department* (NYSED) finanse, bay enfòmasyon konfidansyèl, rekòmandasyon ak sipò gratis pou fanmi ak pwofesyonèl sou sèvis pou jèn timoun yo dyagnostike oswa yo sispèk ki gen reta nan devlòpman oswa ki andikape. Pou plis enfòmasyon osijè ECDC, ale nan http://www.p12.nysed.gov/specialed/techassist/ecdc/qa.htm**.**

BRONX ECDC
Bronx Independent Living Services
4419 Third Avenue, Suite 2C
Bronx, NY 10457
347-271-8159
Imèl: maura@bils.org
Sit wèb: www.bils.org

BROOKLYN ECDC
United Cerebral Palsy of NYC
160 Lawrence Avenue
Brooklyn, NY 11230
718-437-3794
Imèl: brooklynecdc@ucpnyc.org
Sit wèb: www.ucpnyc.org/ecdc

MANHATTAN ECDC
New York Presbyterian Hospital
409 East 60th Street, #3-312
New York, NY 10022
212-746-6175
Imèl: ecdc@nyp.org
Sit wèb: www.nyp.org/ecdc

QUEENS ECDC
Queens Centers for Progress
81-15 164th Street
Jamaica, NY 11432
718-215-1299
Imèl: cwarkala@queenscp.org
Sit wèb: www.ecdcqueens.org

STATEN ISLAND ECDC
Staten Island University Hospital
242 Mason Avenue, 1st Floor
Staten Island, NY 10305
718-226-6670
Imèl: lkennedy30@northwell.edu
Sit wèb: www.siuh.edu/ecdc

Sant Paran pou Edikasyon espesyal *Special Education Parent Centers*

Sant Paran pou Edikasyon Espesyal, ke NYSED finanse, bay fanmi enfòmasyon ak resous pou pitit yo ki gen andikap.

INCLUDEnyc
116 E. 16th Street, 5th floor
New York, NY 10003
212-677-4660 (anglè) / 212-677-4668 (panyòl)
Sit wèb: www.includenyc.org
Sèvi Bronx, Brooklyn, Manhattan, ak Queens
[(Li sèvi tou kòm Sant Enfòmasyon ak Trening pou paran pou tout vil la citywide Parent Training and Information Center (PTIC)]

Parent to Parent NY, Inc.
The Institute for Basic Research
1050 Forest Hill Road, #108
Staten Island, NY 10314
800-866-1068
Sit wèb: www.parenttoparentnys.org/offices/New-York-City
Sèvi Staten Island

United We Stand of New York
98 Moore Street
Brooklyn, NY 11206
718-302-4313
Sit wèb: www.uwsofny.org
Sèvi Brooklyn ak Queens
(Li sèvi tou kòm yon Sant Resous pou paran Brooklyn ak Queens ke gouvènman federal finanse.)

Sant Trening ak Enfòmasyon pou Paran *Parent Training and Information Centers*

Se Pwogram Biwo Edikasyon espesyal Depatman Edikasyon Etazini *United States Department of Education's Office of Special Education* ki finanse PTIC yo pou satisfè bezwen fanmiy timoun ki gen andikap. Men lis PTIC yo :

Advocates for Children of New York
151 West 30th Street, 5th Floor
New York, NY 10001
866-427-6033
Sit wèb: www.advocatesforchildren.org

Sinergia / Metropolitan Parent Center
2082 Lexington Avenue, 4th Floor
New York, NY 10035
212-643-2840
Sit wèb: www.sinergiany.org

Department of Education
Carmen Fariña, Chancellor

Nenpòt kote ou wè senbòl sa a * tanpri gade dokiman ann anglè ki vini avèk lèt sa a, pou wè enfòmasyon espesifik sou pitit ou a.

PREMYE AVI ALEKRI (AVI SOU REKÒMANDASYON)

Dat nesans: *

Nimewo idantite : *

Dat:

Chè paran oswa responsab *:

Objektif avi sa a se pou fè w konnen, alekri, rekòmandasyon distri lekòl la osijè idantifikasyon, evalyasyon, tip pwogram ansèyman ak/oswa sèvis edikasyon espesyal pou pitit ou a.

SIJÈ AVI SA A: **Demann pou reevalye yon elèv preskolè ki gen yon andikap ki elijib pou ale nan klas kindergarten an Septanm**

DESKRIPSYON MEZI YO PWOPOZE OSWA REFIZE
DOE pwopoze fè ankò yon lòt evalyasyon pou detèmine si pitit ou a toujou bezwen sèvis Edikasyon espesyal nan jadendanfan, epi si se ka a, pou mete anplas yon IEP kote yo dekri sèvis Edikasyon espesyal yo rekòmande pou Septanm 2017.

EKSPLIKASYON REZON KI FÈ YO PWOPOZE OSWA REFIZE MEZI A :
Komite edikasyon espesyal preskolè a *Committee on Preschool Special Education* (CPSE) rekòmande pitit ou a ba Komite edikasyon espesyal Committee on *Special Education* (CSE). CSE a sèvi timoun avèk andikap ki gen laj pou ale lekòl. Komite a ap fè yon lòt evalyasyon pou detèmine sèvis edikasyon espesyal apwopriye pitit ou a ap bezwen nan yon anviwònman pou timoun ki gen laj pou ale lekòl. Nan lòt evalyasyon sa a, y ap revize dosye pitit ou a epi yo ka mande oswa yo ka pa mande fè nouvo evalyasyon.

DESKRIPSYON CHAK PWOSEDI EVALYASYON, DOSYE, OSWA RAPÒ YO ITILIZE NAN DESIZYON YO PRAN POU PWOPOZE OSWA REFIZE MEZI A :
Dosye nou gen nan lekòl la endike ke yo idantifye pitit ou a kòm yon timoun ki bezwen sèvis edikasyon espesyal epi k ap elijib pou ale nan kindergarten an Septanm.

POU YON PREMYE EVALYASYON OSWA POU YON LÒT EVALYASYON - DESKRIPSYON PREMYE EVALYASYON OSWA LÒT EVALYASYON YO TE PWOPOZE A, EPI POUKISA Y AP ITILIZE ENFÒMASYON AN :
CSE a ap revize evalyasyon yo te deja fè pou pitit ou a ak lòt materyèl, paegzanp tout enfòmasyon pwogram preskolè pitit ou a te ye a ak/oswa founisè sèvis li yo bay, ak tout lòt enfòmasyon ou bay yo. Dapre materyèl sa yo, Komite a ap detèmine ki nouvo evalyasyon ki nesesè, si se ka a. N ap avize w si Komite a detèmine oswa pa detèmine ke l bezwen fè nouvo evalyasyon. Si yo detèmine nouvo evalyasyon obligatwa, nan ka sa a y ap mande w pou ba yo konsantman w alekri.

DESKRIPSYON TOUT LÒT OPSYON YO KONSIDERE AK REZON KI FÈ YO PA AKSEPTE OPSYON SA YO:
Pa aplikab.

Department of Education
Carmen Fariña, Chancellor

Nenpòt kote ou wè senbòl sa a * tanpri gade dokiman ann anglè ki vini avèk lèt sa a, pou wè enfòmasyon espesifik sou pitit ou a.

PREMYE AVI ALEKRI (AVI SOU REKÒMANDASYON)

DESKRIPSYON LÒT FAKTÈ KI ENPÒTAN POU MEZI YO PWOPOZE OSWA REFIZE PRAN:

Pa aplikab.

OU GEN PWOTEKSYON DAPRE GARANTI SOU PWOSEDI NAN RÈGLEMAN KOMISÈ EDIKASYON AN.

Lalwa ba w kèk dwa tankou garanti nan pwosedi. Ou ka *download* yon kopi *Procedural Safeguards Notice* nan sit wèb NYCDOE : **http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/AcrossGrades/Kindergarten** oswa mande reprezantan DOE nou site pi ba nan fòm sa a yon kopi.

KOTE OU KA ALE POU EDE W KONPRANN PWOSESIS EDIKASYON ESPESYAL LA:

Tanpri gade lis òganizasyon ki avèk lèt sa a kote yo ka ede w konprann tranzisyon pou sòti nan pwogram edikasyon espesyal preskolè pou ale nan pwogram edikasyon espesyal kindergarten.

LÒT ENFÒMASYON KI GEN POU WÈ AVÈK SIJÈ NOU DISKITE NAN AVI A:

Ou ka soumèt evalyasyon ou te fè an prive oswa lòt materyèl, ke y ap konsidere nan evalyasyon an. Tanpri soumèt materyèl sa yo ba reprezantan DOE ki pi ba a. Anplis, ou ka voye yon lèt ba reprezantan DOE ki pi ba a pou mande l pou DOE mennen evalyasyon espesifik.

Ou gen dwa kontakte Komite a, swa anpèsòn swa alekri, sou validite rekòmandasyon Komite a. Si w gen nenpòt kesyon oswa si w ta renmen mande yon reyinyon pou w pale sou enfòmasyon ki nan avi sa a, tanpri kontakte

*